

# PWOTEKSYON KONT DISKRIMINASYON POU VIKTIM VYOLANS DOMÈSTIK, DELENKANS SEKSYÈL, OSWA ASÈLMAN KRIMINÈL

## Konn Dwa ou ak Obligasyon ou

Komisyon sou Dwa Moun (Commission on Human Rights) Vil New York la se yon resous pou edike moun New York yo sou dwa yo ak responsabilite yo dapre Lwa sou Dwa Moun (Human Rights Law) Vil New York la.

Lwa sou Dwa Moun nan pwoteje anplwaye yo, moun k ap fè demann travay yo, lokatè yo, ak moun k ap chèche lojman yo, kont diskriminasyon poutèt yo se “viktim vyolans domèstik, delenkans seksyèl oswa asèlman kriminèl.”

**Vyolans domèstik** gen ladan li zak ak menas vyolans nan men yon manm fanmi an, konpayon/konpay entim nan, oswa yon lòt moun ki rete nan kay la.<sup>1</sup> Zak ak menas sa yo se kapab agresyon fizik, jouman, oswa abi ekonomik.<sup>2</sup>

**Delenkans Seksyèl** ak **Asèlman Kriminèl** vle di zak ki se vyolasyon atik 130 nan lwa penal Eta New York la oswa vyolasyon seksyon 120.45, 120.50, 120.55, oswa 120.60 lwa penal Eta New York la.

## Se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Moun Vil New York la lè:

- Mèt kay yo, jesyonè pwopriyete yo, koutye imobilye yo, ak lòt moun k ap pran desizyon sou lojman, trete moun k ap fè demann lojman yo, oswa lokatè ki la deja yo, yon lòt fason poutèt sityasyon yo kòm viktim.
- Patwon ki trete anplwaye oswa moun k ap fè demann travay yon lòt fason poutèt sityasyon yo kòm viktim.
- Patwon ki pa ofri akomodasyon rezonab pou moun ki te viktim vyolans lakay, delenkans seksyèl, oswa asèlman kriminèl. Patwon yo dwe gen dyalòg pou kopere avèk anplwaye yo epi ofri akomodasyon rezonab sòf si fè sa t ap lakòz twòp difikilte.

## Kiyès ki Jwenn Pwoteksyon sa yo?

**Nan travay:** Yon viktim k ap travay pou patwon omwen 4 anplwaye oswa omwen yon travayè nan kay nan Vil New York, oswa k ap mande djòb sa a.

**Nan lojman:** Tout viktim ki rete oswa k ap chèche rete nan Vil New York, sòf si lojman an se yon:

- kay pou de (2) fanmi kote mèt kay la rete ladan epi yo pa t fè reklam pou apatman an oswa
- pyès oswa plizyè pyès nan yon lojman kote mèt kay la oswa fanmi mèt kay la rete tou.

<sup>1</sup> Pawòl “viktim vyolans domèstik” la vle di yon moun ki sibi zak oswa menas vyolans, ki pa zak pou defann tèt, nan men konjwen oswa ansyen konjwen viktim nan, yon moun viktim nan gen pitit avèk li, yon moun ki rete oswa te rete ansanm ak viktim nan, yon moun ki gen oswa ki te gen yon relasyon sosyal konstan ki gen yon nati womantik oswa entim avèk viktim nan, oswa yon moun ki yon fason konstan oswa pa entèval regilye rete oswa te rete nan menm kay ak viktim nan. Kòd Admin NYC § 8-102.

<sup>2</sup> Abi ekonomik se zak oswa mankman ki kontwòle, anpeche, oswa jennen kapasite yon moun pou li itilize oswa kenbe resous ekonomik li gen dwa a yo oswa pou li jwenn resous ekonomik, epi abi sa a fèt gras a presyon, blòf, fwòd, oswa manipilasyon. Kòd Admin NYC § 8-102.

*Pwoteksyon sa yo valab kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon moun nan.*

### **Men Konduit ki Entèdi yo:**

#### **Nan travay:**

- Revoke yon anplwaye ki viktim vyolans domèstik, delenkans seksyèl, oswa asèlman kriminèl poutèt patwon an pè pou sa pa deranje travay la.
- Pa fè dyalòg pou kopere oswa pa ofri akomodasyon rezonab— si li pa kreye twòp difikilte— tankou orè varyab oswa konje, chanjman kote anplwaye a ap travay la pou rezon sekirite, oswa chanjman kowòdone. Okipe konsekans vyolans domèstik, delenkans seksyèl, oswa asèlman kriminèl, keseswa nan tribinal oswa avèk enstitisyon finansye yo, gen dwa egzije konje oswa orè varyab sa yo.

#### **Nan lojman:**

- Refize yon viktim poutèt yo gen lòd pwoteksyon kont yon ansyen konpayon/konpay.
- Refize lwe bay yon viktim poutèt nòt kredi li ba lè li ka montre se fòt yon konpayon/konpay ki t ap abize li.
- Mete yon viktim deyò yon apatman poutèt yo rele lapolis akòz kont ki t ap fèt nan kay la.
- Refize aksepte asistans pou lwaye viktim yo bay regilyèman. Mèt kay yo pa ka refize bon pou lojman, sa gen ladan Seksyon 8 (Section 8) ak CityFHEPS, pami lòt bagay.

Si ou vle rapòte diskriminasyon, rele Komisyon sou dwa Moun lan nan **212-416-0197** oswa ale sou sit entènèt nou an. Ou ka ranpli yon fòmilè plent oswa kite enfòmasyon san ou pa bay non ou. Si yon founisè lojman oswa yon patwon vyole Lwa sou Dwa Moun nan, ou gen dwa kapab jwenn chans lojman oswa travay oswa resevwa dedomajman. Antite ki kouvri an gen dwa oblije tou pou li chanje règleman li yo epi peye amann.

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou enskri pou yon atelye gratis sou dwa ou yo kòm lokatè oswa kòm anplwaye, oswa sou obligasyon ou yo kòm patwon oswa kòm founisè lojman, ale sou [sit entènèt nou an](#).

Si ou viktim Vyolans Domèstik kounye a la a, kontakte Nimewo Asistans Biwo Majistra a pou Fini ak Vyolans Domèstik ak Vyolans Baze sou Sèks (Mayor's Office to End Domestic and Gender Based Violence Hotline) nan **800-621-HOPE**. W ap jwenn plis resous toujou nan [Anyè Resous NYC HOPE la](#).

Pou jwenn enfòmasyon sou konje peye pou okipe zafè vyolans lakay oswa pou maladi nan Vil New York, ale sou [sit entènèt sa a](#).